

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1. Kacindekan**

Dongéng-dongéng rayat anu aya di kacamatan Sukahaji nu bisa kakumpulkeun jumlahna aya sabelas judul dongéng.

Luyu jeung sampel anu geus ditangtukeun, sakabéh dongéng rayat kacamatan Sukahaji dianalisis dumasar kana unsur-unsur intrinsik anu ngawangun éta dongéng, nya éta: téma, latar, galur, palaku jeung amanat.

Téma anu kapanggih dina dongéng-dongéng rayat kacamatan Sukahaji nya éta téma sosial atawa téma anu aya patula-patalina jeung kahirupan masarakat, upamana gawé bareng (gotong royong) dina ngaréngsékeun pasualan kahirupan, ayana rasa hormat ka karuhun atawa pamingpin, mikanyaah ka sasama mahluk sanajan éta mahluk téh sato, ngariksa lingkungan, wawales ka nu boga niat jahat, rasa tanggung jawab pamingpin ka rahayatna, prak-prakan ngamimitian nyieun lembur anyar, jeung kaayaan alam sabudeureun tempat nu dicicingan.

Latar anu aya dina dongéng-dongéng rayat kacamatan Sukahaji, nya éta latar tempat, latar waktu, jeung suasana. Latar tempat réréana di pilemburan anu kakara diadegkeun atawa dibaladah, tapi aya ogé anu di Karaton Kasepuhan Cirebon, leuweung geledegan sisi walungan Cipada, sisi walungan Cikeruh, mumunggang, sisi lembur Ciomas, puseur dayeuh Lembur Ciomas, tutugan Gunung Ciremai, jeung di sisi sumur. Latar waktuna nya éta abad ka-17, dina waktu kakawasaan karajaan Kasepuhan Cirebon, dina waktu kakawasaan karajaan Parung Talaga Manggung, dina waktu kakawasaan kolonial (Walanda), jeung taun

1762 an. Sedengkeun suasana anu kapaluruh nya éta suasana anu ayem tingtrim, aman, sumanget ngawangun, sumanget gawé bareng, kaayaan sangsara tuluy bagja, kaayaan teu aman, jeung rasa anu bingung, makruh jeung keuheul.

Galur anu aya dina dongéng-dongéng rayat kacamatan Sukahaji lolobana nya éta galur méréle, sarta aya kapanggih hiji dongéng anu ngagunakeun galur pandeuri-tiheula.

Palaku carita anu aya dina dongéng-dongéng rayat kacamatan Sukahaji lolobana nya éta para sesepuh jeung pingpinan, di antarana nya éta Sri Sultan Karajaan Cirebon, Embah Arya Salingsinan, Embah Eyang Buyut Alit, Embah Eyang Jaya Anom, Nyi Inten Sari, Nyimas Cipta Rasa, Nyimas Mayang Sari, R Semar, Ki Serut, Buyut Sepuh, Ki Sengging, Rama Buyut Raden Brahma, jeung Ki Dangdeur. Salian ti éta ogé palaku séjenna nya éta prajurit utusan karajaan Banten, gorombolan DI/TII, mahluk-mahluk nu ngagoda tatapana Buyut Sepuh, masarakat wewengkon nu dicaritakeun, jeung sasatoan anu ngaruksak tatanén rahayat.

Amanat anu aya dina dongéng-dongéng rayat kacamatan Sukahaji lolobana nya éta pangajak gawé bareng dina ngawangun hiji hal, mikaresep musawarah pikeun meunangkeun kamupakatan dina mutuskeun hiji pasualan, ayana gawé bareng antara sesepuh pamingpin jeung rahayatna, sakabéh jalma dina ménta pitulung ngaréngsékeun masalah kahirupan teu kudu menta atawa datang ka patempatan nu dianggap karamat, sarta silih pikahéman jeung pikanyaah antara sasama mahluk kaasup mikanyaah sasatoan.

Dumasar kana unsur caritana, sakabéh dongéng rayat kacamatan Sukahaji bisa dipaké pikeun bahan pangajaran sastra Sunda di SMP.

## 5.2. Saran-saran

Hasil - hasil tina ieu panalungtikan, aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun hasil pangajaran basa Sunda widang Sastra nya éta dongéng rayat, boh keur guru-guru basa Sunda, boh keur calon-calon anu nalungtik, nya éta:

1. Guru-guru basa Sunda dipiharep mampu tur parigel dina milih bahan pangajaran basa Sunda, hususna pangajaran sastra ngeunaan dongéng rayat sangkan luyu jeung kahayang katut kamampuh siswa;
2. Dina milih jeung nangtukeun bahan pangajaran tong nyoko teuing kana hiji sumber, tapi dipiharep ogé kréatif néangan ti sumber séjenna;
3. Dongéng rayat kacamatan Sukahaji mangrupa salasahiji karya sastra lisan warisan karuhun urang sacara turun tumurun, nu ngandung ajén atikan. Ku kituna, urang kudu bisa ngajaga tur ngamumulé éta carita sangkan bisa diwariskeun ka generasi sanggeus urang.
4. Dongéng rayat kacamatan Sukahaji téh lain ngan ukur milik hiji jalma atawa hiji golongan wungkul. Ku lantaran kitu, éta dongéng téh perlu diguar tuluy dicaritakeun deui ka anu lian, sangkan anak incu urang nyaho kana turunan, pancakaki, asal muasal tempat, kaayaan lembur, jeung manggihan luang tina hal anu geus dipigawé ku karuhun pikeun bekel hirupna.
5. Ieu panalungtikan téh teu diujicobakeun, ku kituna can tangtu cocog umpana langsung disodorken ka siswa di kelas. Ku lantaran éta, perlu ayana

panalungtikan anu leuwih jero pangpangna ngeunaan kamampuh siswa dina ngaapresiasi dongéng rayat kacamatan Sukahaji.

6. Hasil ieu panalungtikan bisa dijadikeun salahiji alternatif pikeun bahan pangajaran sastra Sunda di SMP.

